



Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TANPÈT IVÈ A AP AFEKTE RANDEVOU POU
VAKSEN SAMDI YO NAN SIT ETA A JERE NAN BUFFALO**

***Sit vaksinasyon eta a jere nan Buffalo a ap fèmen samdi 6 fevriye avèk tout
randevou yo repwograme pou dimanch 7 fevriye ak lendi 8 fevriye.***

***Sit la sitiye nan SUNY nan Kanpis Sid Buffalo - Harriman Hall, 3435 Main St.,
Buffalo, NY 14214***

Tout lòt sit vaksinasyon eta a jere yo rete ouvri jan yo te pwograme a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke randevou vaksen yo te pwograme pou samdi 6 fevriye nan sit eta a jere nan Buffalo a ap ranvwaye akòz move tan ivè a k ap afekte zòn nan. Randevou yo ap repwograme pou dimanch 7 fevriye ak lendi 8 fevriye. Sit la sitiye nan SUNY nan Kanpis Sid Buffalo - Harriman Hall, 3435 Main St., Buffalo, NY 14214. Tout lòt sit vaksinasyon eta a jere yo rete ouvri jan yo te pwograme a.

Nouyòkè ki gen randevou ki pwograme pou jounen samdi a nan sit la ap resevwa yon imel oswa mesaj tèks ki repwograme vaksinasyon yo a.

"Yon tanpèt ivè yo pwojte k ap afekte kèk pati nan Lwès New York demen ta ka pote gwo chit nèj ak wout ki glise, e n ap ranvwaye randevou yo nan sit eta a jere nan Buffalo nan enterè sekirite rezidan yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen vle klè— okenn moun p ap pèdi plas yo e tout randevou ap repwograme pou dimanch oswa lendi lè yo prevwa tan an ap kalme."

Nan kad pwosesis repwogramasyon an epi nan limit ki posib, delè nouvo randevou yo ap pwograme nan aliyman ak lè randevou orijinal la. Si nouvo lè randevou sa pa fonksyone pou yon moun akòz chanjman jou a, y ap ba yo yon nimewo kontak pou idantifye yon lè diferan ki ka fonksyone pi byen pou moun nan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)